


**GRATIS**



**JEZI KRIS AP RETOUNEN**

**REVELASYON FEN TAN AN**

**SÈN DOKTRIN**

**KI JAN SATAN BLOKE  
PRIYÈ NOU YO**

**Sous & Kontak:**

**Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>**

**E-mail: [mail@mcreveil.org](mailto:mail@mcreveil.org)**

# **Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl**

***Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.  
Danyèl 12:4***

***Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.***

**Danyèl 12:9-10**

**\*\*\***

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,  
Meditè kèk tan sou kesyon sa a:**

**Ki kote ou pral pase Letènite'w?**

**Nan Syèl?**

**Oswa**

**Nan Lanfè?**

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.  
Panse ak sa!**

**Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!**

## **Avètisman**

**Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.**

**Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribye'l, oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni li nan okenn ka pa modifye ou chanje, e ke sit [mcreveil.org](http://mcreveil.org) a site kòm sous.**

**Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa yo ak temwanyaj sa yo!**

**Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po pibliye ansèyman sa yo ak temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt [www.mcreveil.org](http://www.mcreveil.org) a, oswa pou chanje kontni yo!**

**Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape sètènman nan jijman Bondye a.**

**Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye 23:33.**

## KI JAN SATAN BLOKE PRIYÈ NOU YO

**Anvan ou li temwayaj sa a, nou ankouraje'w pou li enpòtan avètisman ke nou te fè konsènan temwayaj yo. Avètisman sa a ki gen tit "Avètisman Temwayaj" li trouve sou sit [www.mcreveil.org](http://www.mcreveil.org).**

Byen-neme, nou jwenn li apwopriye, nan moman sa yo kote bann milyon demon ap devèse yo sou latè pou konbat pitit Bondye yo, pou mete temwayaj sa a a dispozisyon nou de yon ansyen satanis, ki rakonte pa Pastè John Mulinde. Temwayaj sa a revele nou ki jan satan fè tout bagay pou anpeche nou pou mennen yon konba espiyèl viktorye. Se poutèt sa, li enperatif ke chak pitit Bondye reveye pou pa kite menm yon ti vikwa ankò pou satan nan lavi li.

### Kòmansman Temwanyaj la

Mwen (Jan Mulinde) ta renmen pataje avèk nou yon ekstrè nan temwayaj yon moun ki, anvan li te sove, te nan sèvis dyab la. E lè moun sa a te bay temwayaj li a, li te choke m'! Mwen pa t' vle kwè li. Mwen te pase dis jou devan Bondye nan jèn, pou mande li si sa a te vre. Se nan moman sa a ke Bondye te kòmanse ansenye m' sou sa k'ap pase nan domèn espiyèl la, lè n'ap priye.

Nonm sa a te fèt apre paran li te konsakre tèt yo a lisifè. Lè li te toujou nan vant manman li, yo te fè anpil seremoni pou dedye l' nan sèvis lisifè. Nan laj 4 tran, li te kòmanse egzèse pouvwa espiyèl li, e paran li yo te kòmanse pè l'. Lè li te gen 6 zan, papa li te konfye li bay bann lougawou pou yo ba l' fòmasyon. A laj de dizan, li te fè bann gwo eksplwa pou wayòm dyab la. Lòt lougawou yo te pè li.

Malgre ke li te toujou yon jèn ti gason, li te deja tèrib nan bagay li te fè yo. Li te vin yon jenn gason nan ventèn dane ak anpil san sou men l'. Li tap touye moun jan li te vle. Li te gen kapasite pou soti nan kò l' pa meditasyon transandantal. Li te kapab pafwa sòlve, kò l' leve sou tè a, sispann an lè a, epi pafwa li te kapab ale nan yon vizyon e soti nan kò l'; kò l' te rete an plas pandan ke li te ale nan mond lan. Se sa yo rele yon vwayaj astral. Epi li te itilize pa satan pou detwi anpil legliz ak pastè.

Yon jou, li te afekte pou detwi yon legliz ki te zeze nan lapriyè. Te gen anpil divizyon nan legliz sa a, ak anpil konfizyon. Epi li te kòmanse travay kont legliz sa a. Men, nan tan sa a, pastè a te òganize yon jèn pou tout Legliz la. Le pli vit ke legliz la te kòmanse fè jèn, te gen anpil repantans ak rekonsilyasyon. Moun yo te rasanble epi yo te kòmanse priye pou Senyè a travay nan mitan yo. Yo te kontinye ap priye epi yo kriye nan pye Bondye pou Li gen pitye pou yo e entèveni nan lavi yo. E pandan ke yo t'ap pase moman an, nonm sa a te vini ankò e ankò avèk lespri dyabolik yo kont legliz sa a. Men, yon mesaj pwofetik te adrese ki te di kretyen yo kanpe epi fè lagè kont pouvwa fènwa yo ki t'ap atake legliz la.

Se konsa, yon jou, nonm sa a te kite kò l' nan chanm li, te ale nan yon vwayaj astral. Li te dirije yon gwo lame lespri dyabolik kont legliz sa a. Lespri l' te plase nan lè a sou tèt legliz la e t'ap eseye atake legliz la, men te gen yon dra limyè sou legliz la. Lè sa a, toudenkou yon lame zanj Bondye te atake yo e te konbat yo an lè a. Tout demon yo te kouri lwen, men zanj yo te kenbe'l prizonye. Epi yo mennen l' fè'l pase pa do kay la, dwat devan lotèl legliz la. Li te parèt la

pandan ke moun yo te nan yon pwofon lapriyè, angaje nan gè espirituel, mare, kraze, ak chase demon yo.

Pastè a te sou podyom nan t'ap dirije lapriyè a ak batay la. Sentespri di li: "*Joug la te kraze epi viktim nan la devan nou. Ede l' atravè delivrans.*" Lè pastè a louvri je l', li wè jenn gason sa a tonbe plat atè e kò l' te avè l'. Men, li te la, nan kò l', li pat konnen ki jan li te antre nan kò a; tout sa li te konnen, se ke zanj lan te transpòte l' atravè do kay la. Pastè a te fè legliz la fè silans, epi li di yo sa Bondye te di l', epi li mande ajan dyab lougawou a, "*Ki moun ou ye?*" Jenn gason an te kòmanse tranble pandan ke demon yo te kòmanse soti nan li. Se konsa, yo te priye pou delivrans li, e lè sa a, li te kòmanse pataje temwayaj li. Jèn gason sa a koulye a nan Senyè a e anpil moun ap delivre atravè temwayaj li.

Yon jou swa mwen te ale nan yon dine. Rezon ki fè'm te ale ladann nan sèlman te gen yon moun ki te pale'm de jenn gason sa a e mwen te kirye pou wè l' e pou wè si istwa li a te vre. Se konsa, mwen te chita nan dine sa a, epi, nan aswè, nonm sa a te kapab bay temwayaj li a. Li te pale sou anpil bagay. Pafwa li ta kriye poutèt bagay ke li te fè yo. Lè li te fini, li te lanse yon apèl. Te gen anpil pastè nan sal sa a. Apre sa, li te di: "*Mwen fè apèl pou nou, pastè. **Tanpri ansenye moun yo ki jan pou yo priye.***" Moun ki pa priye yo dyab la ka pran yo nan nenpòt ki domèn e lènmi an ka esplwate lavi yo ak lapriyè yo, nan plizyè fason. Lènmi an menm konnen ki jan pou fè pwofi sou priyè moun sa yo ki pa konnen ki jan pou yo priye. "*Ansenye moun yo ki jan pou yo itilize ekipman espirituel ke Bondye bay la.*"

Lè sa a, li te eksplike ki jan li te fè ekspedisyon nan lè a. Li te ale avèk lòt ajan satanik ak anpil lespri dyabolik. Se te tankou si yo te ap travay an ekip youn apre lòt. Li te gen yon tan regilye lè li te dwe ale fè lagè nan lye selès yo. Li te di ke nan lye selès yo, latè te kouvri pa yon dra fènwa, **dra sa a li tèlman pwès ke li tankou wòch solid**. Epi li kouvri tout rejyon an. Epi lespri sa yo kapab ale tou anwo ak anba kouvèti sa a. E a pati de la, yo enfliyanse evènman yo sou tè a.

Lè move lespri yo ak ajan satanik imen yo kite pòs yo, yo desann sou tè nan kote alyans yo ap fèt, nan dlo yo oswa sou tè a, pou rafrech lespri yo. Ki jan yo rafrech lespri yo? Avèk sakrifis ke moun yo fè sou lotèl sa yo. Sa yo ka bann sakrifis nan maji louvri, tout kalite sakrifis san, ki gen ladan avòtman, lagè, sakrifis imen, ak sakrifis bèt. Li ka sakrifis debòch kote moun yo antre nan tout kalite pèvèsyon seksyèl. Sakrifis sa yo ranfòse pouvwa satanik yo. Li te di ke lè ajan satan yo an lè a epi kretyen yo kòmanse priye sou tè a, priyè kretyen yo parèt devan yo nan twa fòm. **Tout priyè parèt tankou lafimen k'ap monte nan syèl la:**

- Gen kèk lapriyè ki parèt tankou lafimen ki ale aladeriv e disparèt an lè a. Priyè sa yo soti nan moun ki te peche nan lavi yo e ki pa dispoze pou trete problèm peche sa yo. Priyè yo tèlman fèb ke yo disparèt an lè a.

- Yon lòt kalite lapriyè se tankou lafimen ki leve jiskaske li rive nan wòch la, men li pa ka pase nan li. An jeneral, priyè sa yo soti nan moun k'ap eseye pirifye tèt yo, men ki manke lafwa nan priyè yo. Yo inyore divès aspè enpòtan ki nesèsè lè n'ap priye.

- Twazyèm kalite lapriyè a se tankou lafimen ki plen dife. Lè li leve, li tèlman cho ke lè li rive nan wòch la, wòch la kòmanse fonn tankou lasi. Li pèse wòch la e pase nan li.

Lè moun kòmanse priye, lapriyè yo sanble ak sa ki nan premye kategori a, men lè yo kontinye priye, lapriyè yo chanje e vin tankou sa yo ki nan dezyèm kategori a. E lè yo kontinye lapriyè, toudenkou li anflame. Lapriyè yo vin tèlman pwisan ke li pèse wòch la. Lè ajan malefik yo remake ke priyè yo ap chanje e yo pare pou yo vini nan eta dife tèrib la, yo kominike avèk lòt lespri sou latè yo, epi di yo: **"Distchè moun sa yo nan lapriyè yo. Sispann yo priye. Fè yo soti la."**

Kreyen yo trè souvan tonbe nan distraksyon sa yo. Pandan yo ap reyisi, repanti, pèmèt Pawòl la sonde lespri yo e lafwa yo dwe konsolide, dyab la wè ke lapriyè yo ap pran fòs e voye distraksyon. Pafwa nan mitan yon lapriyè trè entans, telefòn nan sonnen epi nou panse ke nou ka reponn, epi retounen epi kontinye lapriyè. **Men, lè nou retounen, nou retounen rekòmansman priye a. Epi se sa dyab la vle.**

Lòt kalite distraksyon ka rive. Li ka yon atak sou kò nou, sa ki lakòz doulè yon kote. Li ka tou yon grangou toudenkou e nou vle pou ale nan kizin nan manje yon bagay. **Osito ke yo fè nou soti nan pozisyon nou, yo te defèt nou.** Li te di pastè yo: **"Ansenye pitit Bondye yo pran yon tan apa devan Bondye, pa sèlman pou yon priyè okazyonèl. Yon fwa nan yon jounen, yo ta dwe gen yon tan kote yo konsantre yo ak tout kè yo sou Bondye, san okenn distraksyon."**

Lè moun yo pèsiste nan kalite lapriyè sa a, si yo kite tèt yo enspire pa lespri a epi yo kontinye, yon bagay pase an lespri. Dife a rive nan wòch la epi li fonn. E li te di ke lè fizyon an kòmanse, li tèlman cho ke pa gen okenn lespri dyabolik ki ka kanpe l', e pa gen lespri imen ki ka kanpe l'. Yo tout ap kouri ale. Epi li prodwi yon ouvèti nan domèn esprityèl. Moun k'ap priye sou latè yo jis santi ke lapriyè yo toudenkou vin tèlman dous, tèlman agreyab, tèlman pwisan ak entans. E nonm sa a te di ke le pli vit ke yo reyisi nan lapriyè, pa gen okenn rezistans menm ankò. Moun k'ap priye a ka kontinye pou osi lontan ke li vle.

Lè sa a, li te di ke yon fwa lapriyè a fini, twou a rete ouvè e, lè moun yo kite plas lapriyè yo epi ale, twou louvri sa a deplase avèk yo. Yo pa aji ankò anba kouvèti a. Yo aji anba syèl louvri. E nan eta sa a, dyab la pa kapab fè sa li vle kont yo. Prezans Bondye a se tankou yon gwo poto ki soti nan syèl la epi repoze sou lavi yo. Yo pwoteje. **E gen anpil pouvwa andedan gwo poto sa a ke, lè yo deplase, prezans sa a touche lòt moun. E lè yo pale ak moun ki devan yo, yo vin andedan gwo poto sa a. E osi lontan ke yo rete anndan gwo poto sa a, tout lyen lènmi an nan lavi yo febli.**

Lè moun sa yo ki gen siksè esprityèl sa a pale pechè yo de Jezi Kris, rezistans yo fèb. Li trè fasil pou mennen yo nan sali. Lè yo priye pou malad yo oswa priye pou lòt bagay, prezans ki avèk yo fè tout diferans lan. Dyab la rayi moun sa yo. Li te di ke **si gen kote lapriyè pratike regilyèman nan fason sa a, prezans Bondye vini nan kote sa a epi li pa kite li. Se konsa, menm moun ki pa konnen Bondye, lè yo antre nan yon kote konsa, tout lyen yo ap frajil.**

Kòm nou ka imajine'l, nou tout te chita ap gade nonm sa a jan li t'ap di nou bagay ke li te gen abitud pou fè e pou wè. Epi li te di nou sa ke yo ap fè moun

yo ki pèse nan lapriyè yo. Li te di ke yo idantifye moun sa yo e etidye yo epi yo fouye nenpòt bagay yo ka jwenn sou yo. Se konsa, yo konnen feblès yo, epi lè youn nan yo kenbe yo nan echèk nan lapriyè e gen siksè, yo kominike avèk lòt lespri e di: "*Sible'l ak sa a. Sa yo se feblès li!*" Se konsa, lè moun sa a kite plas lapriyè li, lespri lapriyè sou li, prezans Bondye a sou li, lespri li fòtifye, lajwa Senyè a se fòs li. E lè li deplase, lènmi an ap eseye fè bagay sa yo ki ka distrè l' ak anpeche l' konsantre sou Senyè a.

***Si feblès li se nan zòn tanperaman l' yo, lènmi an pral pouse moun yo fè bagay ki ka vrèman fè l' fache.*** Si li pa sansib nan Sentespri a, epi li pèmèt tèt li pèdi tanperaman li, li retire je l' sou Bondye. Li vin fache, e kèk minit pita, li vle mete tout sa dèyè do l' epi kontinye mache nan lajwa Senyè a. Men, li pa santi li ankò menm. Li ap eseye pou li santi byen ankò, men li toujou pa kapab. Poukisa? Lè li te sede bay tantasyon, yo te travay di pou fèmen wòch la sou tèt li. Epi yon fwa yo retabli wòch la, prezans Bondye a koupe. ***Moun nan pa sispann pitit Bondye, men onksyon siplemantè sa a sou lavi li, prezans sa a ki te aji san pwòp efò li yo, koupe. Si feblès li se tantasyon seksyèl, lènmi an ap prepare moun oswa evènman, yon bagay ki pral toudenkou fè soti pasyon sa a pou ale vè tantasyon.*** Men, si moun sede bay tantasyon sa a, dakò pou resevwa panse sa yo, li distrè tèt li, e lè li fin amizan tèt li, epi ke li vle avanse ankò nan onksyon an, li reyalize ke onksyon an pa la ankò.

Chak fwa nou gen yon siksè nan lapriyè, sonje ke nou se sèlman yon imen fèb. Sonje ke nou poko pafè. Mande Senyè a pou pwoteje nou kont tout pyèj dyab la.

Nonm sa a te di ke lè lapriyè a reyisi konsa, repons lan toujou vini. Li te di ke li pa konnen yon sèl ka kote lapriyè a te gen siksè e repons lan pa t' vini. Li di ke repons lan toujou vini, men ke, nan pifò ka yo ki te mande, pa janm rive jwenn repons sa a. Poukisa? A koz batay la nan lye selès yo.

Lè sa a, nonm sa a te di yon bagay ki te souke lafwa mwen. Se a koz de sa ki an napre yo e ke li te pataje avèk nou ke mwen te fè yon jèn dis-jou pou mande: "Senyè, si se vre? Èske ou ka pwouve li nan mwen?" Nonm sa a te di ke chak kretyen gen yon zanj nan sèvis li. Nou konnen sa Bib la di sou zanj yo nan Ebre 1:14 "*Kisa zanj Bondye yo ye menm? Yo tout se yon bann lespri k'ap sèvi Bondye. Se Bondye menm ki voye yo pou ede moun ki la pou jwenn delivrans yo.*" Li te di ke lè moun priye, repons lan rive nan men zanj yo. Epi zanj lan pote repons lan, menm jan nou ka li nan Danyèl 10. Lè sa a, li te di yon bagay ki te difisil pou kwè: Si moun k'ap priye a konnen zam espirityèl yo epi li abiye tèt li avèk yo, repons lan vini pa yon zanj ki tou abiye ak zam konplè. Men, si moun k'ap priye a pa prete atansyon sou asenal espirityèl li, zanj li a vini san li pa blende espirityèl. Lè kretyen yo ap fè neglijan sou kalite panse ke y'ap resevwa yo, epi yo pa mennen batay panse a, zanj yo vini san kas. Kèlkeswa zam espirityèl nou inyore sou tè a, zanj nou an pa genyen li lè l'ap sèvi nou. Nan lòt mo, zam espirityèl nou yo pa pwoteje kò fizik nou yo; li pwoteje gwo eksplwa espirityèl nou yo.

Li te di ke lè zanj lan rive, move lespri yo konsantre sou li, yo gade li e repete zòn yo ki pa pwoteje yo, epi se zòn sa yo ke yo atake. Si li pa gen kas, yo tire nan tèt li. Si li pa gen okenn plak pwotèj, yo tire nan pwatrin li. Si li pa gen

okenn soulye, yo fè yon dife pou ke li mache nan dife a. Anfèt, nou te mande'l, "Èske zanj ka santi dife?" Epi nou konnen sa li te di nou? Sonje byen, sa a se yon domèn espiritiyèl. Sa yo se lespri k'ap fè fas ak lespri. Batay la entans, e lè yo metrize yon zanj Bondye, premye bagay la yo sible a se repons lan li pote a, epi yo rache l' soti nan men zanj lan! Yo bay li ansuit ak moun ki ap patisipe nan kilt satanik yo oswa maji.

Se konsa, nonm sa a te di ke yo pa jis vòlè repons lan. Yo entèrese tou nan fè zanj lan prizonye. Yo kòmanse goumen kont li. E li te di ke pafwa yo rive pou kenbe l' epi mare l'. Epi lè sa rive, kretyen an vin viktim yo sou tè a. Yo ka fè nenpòt bagay a kretyen sa a paske li pa jwi pwoteksyon zanj lan ankò.

Mwen te mande'l: "Èske ou vle di ke yon zanj ka kenbe prizonye pa fòs dyabolik?" Nonm sa a pa t' menm konnen Ekriti yo lè li te di tout bagay sa yo. Li te tou senpleman pataje eksperyans li yo. Apre sa, li te di yo pa t' kapab kenbe zanj lan trè long paske lè lòt kretyen yo t'ap lapriyè yon kote, ranfòsman t'ap vini, e zanj yo te libere. Men, si kretyen ki reskonsab lapriyè a pa gen siksè nan lapriyè li, zanj lan rete prizonye. Se konsa, lènmi an voye pwòp zanj li tankou yon zanj limyè. **Se la ke twonpri a soti, e fo vizyon, fo pwofesi, e menm kèk move desizyon.** Epi souvan, moun sa yo ouvè a tout kalite atak ak lyen.

Mwen te kite dine sa a trè boulvèse. Apre sa, mwen mande Senyè a: "Senyè, mwen pa menm vle eseye kwè nan tout sa." Sa anlve tout konfyans mwen ak sekirite mwen. Pandan dis jou sa yo mwen te kanpe devan Senyè a, Senyè a fè de bagay. Premyèman, se pa sèlman Li te konfime tout bagay mwen te tande yo, men tou Li louvri lespri mwen pou ke mwen konprann anpil plis pase sa nonm sa a te kapab di nou sou sa k'ap pase nan domèn espiritiyèl. Dezyèmman, Li te montre m' ki sa nou ap sipoze fè lè sa rive pou ke nou pa pèdi, men ke nou ka defèt. Nou bezwen konnen, e familyarize nou avèk twa bagay sa yo:

1- Ki jan pou itilize zam konba nou yo. Bib la rele yo zam Bondye yo. Yo pa zam nou; yo se zam Bondye. Lè n'ap itilize yo, nou pèmèt Bondye goumen pou nou.

2- Konprann relasyon ki genyen ant ministè lespri yo - zanj yo - ak lavi espiritiyèl nou an, epi pou nou sansib a sa k'ap pase nan lespri nou kòm reskonsab sa ki dwe pase nan lespri a, nan sa ki konsène nou.

3- Sentespri a: Nou pa dwe konsidere Sentespri a kòm sèvitè nou, k'ap sèvi nou e ki pote bagay ban nou. Li pa fè ale retou e soti ant nou menm ak Papa a pou di l' sa nou bezwen. Se travay zanj yo. Li kanpe bò kote nou. Pou kisa li fè'l? Pou gide nou, pou ansenye nou, pou kondwi nou, pou ede nou priye bon fason an. Epi lè bagay sa yo rive nan domèn espiritiyèl la, li fè nou konnen. Pafwa Li reveye nou nan mitan lannwit lan epi di: "Priye." Men, nou di: "Non! Tan lapriyè m' nan poko rive." E Li di: "Priye kounye a!" Poukisa? Paske Li wè sa k'ap pase nan domèn espiritiyèl la. Pafwa Li di: "Jene demen!" Men, nou di: "O, non; mwen pral kòmanse nan Lendi!" Men, li konprann sa k'ap pase nan domèn espiritiyèl la. **Nou dwe aprann pou nou sansib a Sentespri a. L'ap gide nou nan chemen jistis yo. [Fen Temwayaj la].**

**Benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an, ak yon renmen ki p'ap janm fini!**



## **Envitasyon**

**Chè frè ak sè,**

**Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:**

**1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pitit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.**

**2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an [www.mcreveil.org](http://www.mcreveil.org), pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.**

**Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!**